# Ede Pitit ou grandi ak woutin Vaksen

Asire w pitit ou resevwa tout vaksen yo nan tan ke yo rekòmande yo se youn nan fason ki pi enpòtan pou kenbe tibebe w la an sante

## Vaksen Selon Laj

Swiv orè sa a ki anba a ki rekomande pa Akademi Pedyat Ameriken ak CDC

### Tibebe ki fèk fèt

Vaksen Kont Epatit B # 1

### 1- 2 mwa

Vaksen kont Epatit B # 2

### 2 mwa

Vaksen kont Difteri, Tetanòs, Koklich #1, Vaksen kont wotaviris #1, Vaksen kont Polyo #1, Vaksen Haemophilus Influenzae kategori B #1 & Vaksen konjige anti-nemokoksik #1

### 4 mwa

Vaksen kont Difteri, Tetanòs, Koklich # 2, Vaksen kont wotaviris #2, Vaksen kont Polyo # 2, Vaksen Haemophilus

### 6 mwa

Vaksen kont Difteri, Tetanòs, Koklich #3, Vaksen Haemophilus Influenzae kategori B #3, Vaksen kont wotaviris #3 & Vaksen konjige anti-nemokoksik #3

### 6 - 18 mwa

Vaksen kont Difteri, Tetanòs, Koklich #2, Vaksen kont wotaviris #2, Vaksen kont Polyo #2, Vaksen Haemophilus Influenzae kategori B #2, Vaksen konjige anti-nemokoksik #2, COVID-19 & Vaksinasyon kont Grip (chak ane)

### 12- 15 mwa

Vaksen kont Lawoujòl, Malmouton, ak Riberyòl #1, Vaksen Haemophilus Influenzae kategori B #4, Vaksen konjige anti-nemokoksik #4 & Vaksen kont Varisèl (Saranpyon) #1

### 12- 23 mwa

Vaksen kont Epatit A

### 15- 18 mwa

Vaksen kont Difteri, Tetanòs, Koklich #4

### 4- 6 ane

Vaksen kont Difteri, Tetanòs, Koklich #5, Vaksen kont Polyo #4 ,Vaksen kont Lawoujòl, Malmouton, ak Riberyòl #1,Vaksen kont Varisèl (Saranpyon) #2 & COVID-19 Boustè (a laj 5 an)



**Gade Orè Vaksinasyon CDC a**

IMMUNIZE KANSAS COALITION

**Aprann plis sou chak vaksen!**

# Ki sa chak vaksen fè

**Vaksen kont Epatit B (HepB), Vaksen kont Epatit A (HepA):**
Li Pwoteje pitit ou kont viris Epatit B ak viris Epatit A ki lakòz pwoblem fwa
**Twa dòz vaksen Epatit B (HepB):** Nan nesans, 1- 2 mwa (1 a 2 mwa aprè vaksen Epatit B #1), e 6- 18 mwa (4 mwa aprè Vaksen Epatit B #2)
**De dòz vaksen Epatit A (HepA):** 12-23 mwa (2 dòz, 6 mwa apa)

**Vaksen kont wotaviris:** Li Pwoteje tibebe w kont dyare grav ak dezidratasyon
**De dòz:** Nan 2 mwa oswa 4 mwa, oswa
**Twa dòz:** Nan 2 mwa, 4 mwa, ak 6 mwa

**Vaksen Haemophilus Influenzae kategori B:**
Li pwoteje kont Haemophilus Influenzae kategori B ki lakòz enfeksyon ak problem nan sèvo
**Kat dòz:** Nan 2 mwa, 4 mwa, 6 mwa, ak 12-15 mwa

**Vaksen Kont Difteri, Tetanòs, Koklich:** Li pwoteje kont Difteri (enflamasyon kè , ensifizans kadyak), Kolich (kouch) ak Tetanòs (ki lakòz spasm nan misk ki fè mal ki mennen nan bloke machwè)
**Senk dòz:** Nan 2 mwa, 4 mwa, 6 mwa, 15-18 mwa, e 4-6 ane

**Vaksen Polyo :** Li pwoteje pitit ou kont polyo, yon maladi ki ka paralize bra ak janm
**Kat dòz:** Nan 2 mwa, 4 mwa, 6 mwa, 15-18 mwa, e 4-6 ane

**Vaksen kont Lawoujòl, Malmouton, ak Riberyòl (MMR):** Li pwoteje kont lawoujòl, malmouton, ak ribeyòl (Ribeyòl se "lawoujòl Alman", yon fòm lawoujòl ki pi grav ki ka lakòz defòmasyon nan ti bebe ki fèk fèt.
**De dòz**: Nan 12-15 mwa ak 4-6 ane

**Vaksen kont Varisèl (Saranpyon):** Li pwoteje pitit ou kont varisèl (Saranpyon)
**De dòz:** Nan 12-18 mwa ak 4-6 ane

**Vaksen konjige anti-nemokoksik:** li pwoteje kont nemokok (kapab lakòz nemoni, enfeksyon nan san, ak menenjit)
**Kat dòz:** Nan 2 mwa, 4 mwa, 6 mwa, ak 12-15 mwa

**Grip (Vaksen kont Grip):** Li pwoteje kont viris grip la
**De dòz:** 6-18 mwa (2yèm dòz 28 jou apre premye piki), apresa chak ane jiska laj adilt

**COVID-19:** Vaksen COVID-19 yo ede kò nou devlope iminite kont viris ki lakòz COVID-19 san nou pa oblije malad.
**Vaksen Moderna:** 6 mwa pou rive 5 ane (2 dòz prensipal ak yon dòz boustè)
**Pfizer:** 6 mwa pou rive 4 ane (3 dòz prensipal) 5 ane (2 dòz prensipal ak yon dòz boustè)

IKC IMMUNIZE KANSAS COALITION

**Kesyon? Pale ak yon founisè swen sante sou tout nesesite vaksen pitit ou ka genyen.**